Bhaibheri Revana

Kuvapo

Mwari pavakasika zvinhu zvese

Yakanyorwa na: Edward Hughes

Zvakaratidzwa na: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Yakadziridzwa ne: Bob Davies; Tammy S.

Yakaturikirwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
Rezinesi: Une kodzero yekukopa kana kudhinda nyaya iyi, chero ukasaitengesa.

Ndiani akatisika? Bhaibheri, Shoko raMwari, rinotaura matangire akaita rudzi rwomunhu. Kare kare, Mwari akasika munhu wokutanga chaiye akamutumidza kuti Adhamu. Mwari akasika Adhamu kubva muguruva renyika. Mwari paakafemera upenyu muna Adhamu, akava mupenyu. Akazviwana

ava mubindu rakaisvonaka rainzi Edheni.

Mwari asati asika Adhamu, Akasika nyika yakaisvonaka yakazara nezvinhu zvinoshamisa. Nhanho nenhanho Mwari akaita nzvimbo dzakakwirira nemipata, maruva anonhuwira nemiti mirefu, shiri dzine minhenga yakajeka nenyuchi dzinorira, hozhwa dzinoumburuka nehozhwa dzinotsvedza.

Chokwadi, Mwari ndiye akasika zvinhu zvose zviripo.

3

Pakutanga, Mwari asati asika chinhu, pakanga pasina chinhu kunze kwaMwari. Hapana vanhu kana nzvimbo kana zvinhu. Hapana. Hapana chiedza uye hapana rima. Kwete kumusoro uye kwete pasi. Kwete nezuro uye hakuna mangwana. Kwaingova naMwari chete Akanga asina mavambo. Ipapo Mwari akaita! Pakutanga Mwari akasika matenga Mwari nenyika.



4

Uye nyika yakanga isina kugadzirwa uye isina chinhu. Uye rima rakanga riri pamusoro pemvura yakadzika. Ipapo Mwari akataura. "Ngakuve nechiedza."

5

Chiedza ndokuvapo. Mwari akatumidza chiedza kuti Masikati, uye rima akaritumidza kuti Usiku. Uye madekwana akavapo, namangwanani akavapo, zuva rokutanga.



6

Pazuva rechipiri, Mwari vakaunza mvura yemakungwa, makungwa nemakungwa muhurongwa pasi peDenga. Pazuva rechitatu, Mwari akati, "Nyika yakaoma ngaionekwe." Uye zvakaitika.



7

Mwari akarayirawo uswa namaruva namakwenzi nemiti kuti zvioneke. Uye vakaonekwa. Uye madekwana akavapo, namangwanani akavapo, zuva retatu.

8

Ipapo Mwari akaita zuva, nomwedzi, nenyeredzi dzakawanda kwazvo zvokuti hakuna munhu anogona kudziverenga. Uye madekwana akavapo, namangwanani akavapo, zuva rechina.

9

Zvisikwa zvegungwa nehove neshiri ndizvo zvaitevera pakurongwa kwaMwari. Pazuva rechishanu Akaita hove hombe dzemunondo nesadhini, mhou dzine makumbo marefu neshiri dzinofara. Mwari akaita marudzi ose ehove kuti azadze mvura yenyika uye neshiri uye nomudenga. Uye madekwana akavapo, namangwanani akavapo, zuva rechishanu.



10

Pashure zvozvo, Mwari kataur vakire. Akati, "Nyika ngaibereke zvisikwa zvipenyu ..." Mnando gzose dzemhuka netumbuyu nezvinokambaira zvakavapo. Kwakanga kune dzinodengenyeka nenyika maebeaver ibatikana. Tsoko dzine isikanzwa emakarwe asina kusimba. Wiggly orms uye cheeky chipmunks. Mhungu dzetwiza uye purring pussycats. Mhuka zose akasikwa namwari pazuva griro.

Uye madekwana akavapo namangwanani zuva rechitanhatu.



11

Mwari akaita chimwe chinhu pazuva rechitanhatu— chimwe chinhu chinokosha zvikuru. Zvinhu zvese zvakanga zvagadzirira kuMurume. Kusango kwaiva nezvokudya nezvipfuwo zvokumushandira. Uye Mwari akati, "Ngatiite munhu nomufananidzo wedu. Ngaave ishe pamusoro pezvose zviri panyika." SAKA MWARI AKASIKA MUNHU NOMUFANANIDZO WAKE; NOMUFANANIDZO WAMWARI AKAMUSIKA ...

12

Mwari akataura kuna Adhamu. "Idya zvaunoda kubva mubindu. Asi usadya kubva pamuti wokuziva zvakanaka nezvakaipa. Kana ukaudya kubva pamuti iwoyo uchafa zvirokwazvo."



13

Jehovha Mwari akati, "Hazvina kunaka kuti munhu agare ari oga. Ndichamuitira mubatsiri." Mwari akaunza shiri nemhuka dzose kuna Adhamu. Adhamu akaatumidza mazita ose. Anofanira kunge aiva akangwara chaizvo. Asi pakati peshiri nemhuka dzose pakanga pasina mufambidzani akafanira waAdhama.

14

Mwari akaita kuti Adhamu abatwe nehope huru. Achibvisa imwe yembabvu yomurume akanga akarara, Mwari akaumba Mukadzi kubva yaAdhamu. Mukadzi akasikwa naMwari akanga kuti ave mubatsiri waAdhamu.

15

Mwari akaita zvinhu zvose mumazuva matanhatu. Ipapo Mwari akaropafadza zuva rechinomwe akariita zuva rokuzorora. Mubindu reEdheni, Adhamu naEvha mudzimai wake vaiva nemufaro wakakwana mukuteerera Mwari. Mwari akanga ari Ishe wavo, Mupi wavo uye Shamwari yavo.

16

Mwari pavakasika zvinhu zvese

Nyaya inobva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Genesi 1-2

"Kupinda kweMashoko enyu kunopa chiedza."
Pisarema 119:130

17

Magumo

1 60

18

Nyaya yomu Bhaibheri iyi inotiudza nezvaMwari wedu anoshamisa akatisika uye anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti takaita zvinhu zvakaipa, zvaanoti kutadza. Murango wechivi rufu, asi Mwari vanokuda zvikuru vakatuma Mwanakomana wavo mumwe chete, Jesu, kuti afire pamuchinjikwa agorangwa nokuda kwezvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka uye akaenda kumusha Kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuti akuregerere zvivi zvako, anozviita! Achauya ogara mauri iko zvino, uye iwe uchagara naye nokusingaperi.

Kana uchitenda kuti ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Jesu anodikanwa, ndinotenda kuti muri Mwari, mukava munhu wokufira zvivi zvangu, uye zvino mava kurarama zvakare. Ndapota huyai muhupenyu hwangu mundiregerere zvitadzo zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva ikozvino, uye rimwe zuva ndigova nemi nokusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererei uye ndikuraramirei semwana wenyu. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye taura naMwari zuva nezuva! Johani 3:16

19